ISSN: 2181-3906 2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 5 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# ZAMANAGÓY PEDAGOGIKALIQ TEXNOLOGIYALAR: BASLAWISH KLASSLARDA NOTA SAWATIN ÚYRETIWDIŃ NÁTIYJELI JOLLARI.

**Omarova Anar**
Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı
"Muzıkalıq tálim" kafedrası assistent oqıtıwshı.
**Bekbaulieva Feruza Majit qızı**
Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı
"Muzıka tálimi" bakalavriat basqıshı talabası.

https://doi.org/10.5281/zenodo.20478320

***Annotaciya.*** *Bul maqalada baslawısh klass oqıwshılarına muzıka mádeniyatı sabaqlarında nota sawatın hám muzıkalıq sawatlılıqtı úyretiwdiń eń nátiyjeli, zamanagóy hám innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyaları keń mániste talqılanadı. Maqalada baslawısh klass oqıwshılarınıń jas, psixologiyalıq hám fiziologiyalıq ózgeshelikleri, olardıń qabıl etiw pátleri analizlengen.*

*Sonday-aq, dástúriy oqıtıw sistemasındaģı kemshiliklerdi saplastırıwshı oyın texnologiyaları, vizuallastırıw (reń hám obrazlar), xalıqaralıq Z.Koday, Karl Orf, SHinichi Suzuki metodologiyaları hám zamanagóy sanlı (multimedia, mobil qosımshalar) texnologiyalardı sabaq procesine sinxron integraciya qılıw jolları metodikalıq jaqtan tiykarlanǵan. Maqalanıń tiykarǵı maqseti — muzıka sawatlılıǵın dáslepki basqıshında-aq qızıqlı, qorqınıshsız hám joqarı nátiyjeli shólkemlestiriw boyınsha ámeliy-metodikalıq usnıslar kompleksin islep shıǵıwdan ibarat.*

***Gilt sózler:*** *Zamanagóy pedagogika, baslawısh klass, nota sawatı, Koday metodı, Karl Orf, interaktiv oyınlar, vizuallastırıw, sanlı muzıka, solmizaciya, elementar muzıka.*

# MODERN PEDAGOGICAL TECHNOLOGIES: EFFECTIVE WAYS OF TEACHING MUSICAL NOTATION IN PRIMARY GRADES.

***Annotation***. *This article extensively analyzes the most effective, modern, and innovative pedagogical technologies for teaching music literacy and musical literacy to primary school students in music culture lessons. The article analyzes the age, psychological, and physiological characteristics of primary school students and their perception patterns. Also, game technologies that eliminate shortcomings in the traditional learning system, visualization (color and images), international methodologies of Z.Koday, Karl Orf, Shinichi Suzuki, and ways of synchronous integration of modern digital technologies (multimedia, mobile applications) into the lesson process are methodologically substantiated. The main goal of the article is to develop a set of practical and methodological recommendations for organizing music literacy in an engaging, fearless, and highly effective way from the very beginning.*

***Keywords:*** *Modern pedagogy, elementary school, music literacy, Koday method, Karl Orf, interactive games, visualization, digital music, solmization, elementary music.*

# СОВРЕМЕННЫЕ ПЕДАГОГИЧЕСКИЕ ТЕХНОЛОГИИ: ЭФФЕКТИВНЫЕ ПУТИ ОБУЧЕНИЯ НОТНОЙ ГРАФИКЕ В НАЧАЛЬНЫХ КЛАССАХ.

***Аннотация***. *В данной статье подробно анализируются наиболее эффективные, современные и инновационные педагогические технологии обучения музыкальной грамотности и музыкальной грамотности учащихся начальных классов на уроках музыкальной культуры.*

*В статье анализируются возрастные, психологические и физиологические особенности учащихся начальных классов и модели их восприятия. Также методически обоснованы игровые технологии, устраняющие недостатки в традиционной системе обучения, визуализация (цвет и изображения), международные методики З.Кодея, Карла Орфа, Шиничи Сузуки и способы синхронной интеграции современных цифровых технологий (мультимедиа, мобильные приложения) в учебный процесс. Основная цель статьи заключается в разработке комплекса практических и методических рекомендаций по организации музыкальной грамотности увлекательным, бесстрашным и высокоэффективным способом с самого начала.*

***Ключевые слова:*** *Современная педагогика, начальная школа, музыкальная грамотность, метод Кодея, Карл Орф, интерактивные игры, визуализация, цифровая музыка, сольмизация, элементарная музыка.*

Házirgi dáwirde bılımlendiriw sistemasın reformalastırıw hám unıwma bilim beriw mekteplerinde sabaq beriw sapasın jańa basqıshqa kóteriw eń áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp tabıladı. Ásirese, jas áwladtıń ruwxıy dúnyasın bayıtıw, kórkem-estetikalıq talabın qalıptastırıw hám kognitivlik qábiletlerin rawajlandırıwda muzıka mádeniyatı pániniń ornı úlken. Muzıka pániniń eń quramalı, sonıń menen birge, eń áhmiyetli ornı- bul nota sawatı hám muzıkalıq qábiliyet bolıp esaplanadı.

Baslawısh klass (1-4 klasslar) oqıwshılarına nota sawatın úyretiw kóp jıllardan berli dástúriy formalarda (notalardı dápterge mehanikalıq túrde jazdırıw, qurǵaq yadlatıw) alıp barıldı.

Biraq bul dástúriy usıl 7-10 jaslı balanıń abstrakt oylaw qábileti jetkilikli rawajlanbaǵanlıǵı sebepli kóbinese nátiyjeli bolmadı. Bala ushın qara sızıqlar ústindegi dóngelek belgiler (notalar) hesh qanday mánis bermeytuǵın quramalı simvollar retinde kórinedi, bul bolsa olardıń muzıkaǵa degen qızıǵıwına  tásir etedi.

Sonlıqtan, zamanagóy muzıka pedagogikasınıń aldında turǵan eń baslı wazıypa — nota sawatın úyretiwdiń integraciyalanǵan, interaktiv hám balanıń jas psixologiyasına sáykes keletuǵın nátiyjeli jolların islep shıǵıw hám ámelde qollanıw orınlı. Bul maqala dál sol máselelerdi keń mániste úyreniwge hám zamanagóy metodikalıq sheshimlerdi usınıwǵa baǵdarlanǵan.

**1. Baslawısh klass oqıwshılarınıń psixofiziologiyalıq ózgeshelikleri hám muzıkanı qabıllaw.** Nota sawatın úyretiwdiń nátiyjeli jolların tabıw ushın, dáslep balanıń bul jastaǵı rawajlanıw dynamikasına názer salıwımız kerek. 6-9 jaslı balalarda:

- **Obrazlı oylaw jetekshi orında:** Balalar real kórgizbeli qurallar, reńler hám sesler arqalı úyrenedi. Abstrakt terminlerdi qabıl etiwi qıyın.
- **Dıqqattıń áhmiyeti:** Bul jasta dıqqat konsentratsiyası ortasha 10-15 minuttı ǵana quraydı. Sabaq forması tez-tez ózgerip turıwı shárt.
- **Dene belsendiligi:** Bala uzaq waqıt bir orında qozǵalmay otıra almaydı. Kinestetika (háreket) — olar ushın eń úlken bılım alıw quralı.

Usı mısallardan kelip shıqqan halda, nota sawatı sabaǵı "lekciya" emes, bálki **"jańalıqlar álemi"** formasına ótiwi tiyis.

**2. Dúnya júzlik tájiriybede sınalǵan zamanagóy metodikalardıń keńeytilgen analizi.**

Zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar dúnya tájiriybesindegi eń jetisken muzıkalıq-pedagogikalıq sistemalardı óz ishine aladı. Olardı baslawısh klass milliy bağdarlamasına beyimlestirip qollanıw kútilgen nátiyjeni beredi.

**A) Zoltan Koday sisteması: Reńli solmizaciya hám xironomiya (qol belgileri)**

Venger pedagogı Zoltan Kodaydıń úlesi sol esaplanadı, ol muzıkanı dáslep jazıw menen emes, dene hám dawıs arqalı seziwdi usınıs etken.

- **Xironomiya (qol háreketleri):** Hár bir nota bálentligi belgili bir qol forması hám keńisliktegi ornı menen belgilenedi. Mısalı, "Do" notası kókrek tómengi bóliminde qoldı jumıp (musht) kórsetilse, "Mi" notası qoldı tegis turaqlı tutıw arqalı kórsetiledi.




- **Bunda:** Bala qol jestlerine qarap, notanıń tek atın emes, bálki onıń bálentlik basqıshın (relyativlik dıqqatın) vizual hám dene sensorikası arqalı sezedi.

**B) Karl Orf sistemasınıń "Elementar muzıka shertiw" texnologiyası.** Karl Orf balanıń ishki ritmin hám tábiyiy muzıkallıǵın oyatıwda "Orf ásbapları" dep atalatuǵın (**ksilofon, metallofon, kishi barabanlar, qasıqlar, shıńǵırlawıqlar**) kompleksin usınıs etedi.

- **Nota úyreniwde qollanılıwı:** Nota sızıǵındaǵı "Fa" notası ksilofondaǵı jasıl plastinkaǵa sáykes keletuǵını kórsetiledi. Bala ózi urıp, sol sesti shıǵaradı. Bul jerde bala: **Kórdi (nota belgisi) — Esitti (ses) — Qolı menen atqardı (ásbaptı urıw)**. Bunda, túsindiriwdiń eń tiykarǵı mánisi — baslawısh klass oqıwshısınıń miyinde **nota sawatın birge qalıptastırıw** bolıp tabıladı.

Bala notanı yadlamaydı, bálki onı úsh seziw aǵzası (kózi, qulaǵı hám qolı) arqalı birden qabıllaydı. Bul mexanizmniń anıq hám hár bir basqıshı boyınsha túsindirmesi tómendegishe:

**1. Vizual basqısh: [KÓRDI]**

- **Is-háreket:** Oqıwshı nota sızıǵında turǵan nota belgisin (simvoldı) yamasa oǵan berilgen arnawlı reńdi (mısalı, dápterdegi qızıl dóngelekti) kóredi.
- **bunda:** Balanıń miyinde notanıń sırtqı kórinisi, forması hám nota sızıǵındaǵı ornı visual yadda saqlanıp qaladı.

- **2. Audial basqısh: [ESITTI]**
- **Is-háreket:** Visual tásirden soń, oqıwshı sol notanıń dawıs bálentligin (fortepianoda shertilgenin yamasa oqıtıwshınıń aytqanın) esitedi hám ózi de dawıslap aytıp kóredi.
- **Bunda:** Muzıkalıq esitiw qábileti isleydi. Bala simvoldıń qanday seske iye ekenligin qulağı menen esitedi hám sezedi.
- **3. Kinestetik basqısh: [ORÍNLADÍ]**
- **Is-háreket:** Eń sońğı hám bekkemlewshi basqısh. Bala ksilofon, metallofon yamasa sáykes kelgen sáz-ásbabında sol notanı óz qolı menen urıp yamasa basıp shertedi (yamasa Koday metodı boyınsha qol jestin kórsetedi, ritm qağadı).
- **bunda:** Dene sensorikası hám mayda motorika belsene qatnasadı. Bala fizikalıq háreket arqalı sestiń payda bolıw procesine ózi qatnasadı.

Dástúriy sabaqta bala tek kóretuğın edi (VIZUAL), al bul **Úsh baylanıs mexanizmi** iske tushkende, bala notanı **Kóredi, Esitedi hám Óz qolı menen jaratadı**. Nátiyjede, nota sawatı balanıń yadında ómirlik hám sapalı saqlanadı.

**3. Innovaciyalıq metodlar: oyın hám ertek texnologiyaları.** Baslawısh klass oqıwshısına nota sızığın (notonosec) tanıstırıwda "**Muzıkalıq Ertekler**" **metodı** eń nátiyjeli jol bolıp tabıladı.

- **"Bes qabatlı úy" metodı:** Bes nota sızığı kóz aldına 5 qabatlı turaqlı jańa úy retinde keltiriledi. **Skripka gilti** — bul sol úydiń qorğawshısı yamasa esik ashıwshı sıyqırlı gilti. Notalar bolsa bul úydiń hár bir qabatında hám qabatlar arasında jasawshı ertek personajları. Mısalı, "Do" notası úydiń tómengi kishi qabatında (qosımsha sızıqta) jasaydı, sebebi ol salqın hám bálent dawıslardan qorqadı. Bul usıl oqıwshıda qaweterli sezimdegi oylardı payda etedi, muzıkalıq logikasın oyatadı.
- **Didaktikalıq oyın: "Muzıkalıq Lotto":** Oqıwshılarğa bes sızıq sızılğan hám kishi nota dóngelekleri (shashkalar sıyaqlı) bar planshetler beriledi. Oqıtıwshı fortepianoda sesti shertkende, balalar tezlik penen sol nota tiyisli sızıqqa shashkanı qoyıwı kerek. Kim dáslep hám durıs qoysa, sol jeńimpaz boladı.

**4. Sanlı texnologiyalar hám multimedia integraciyası (AKT).** XXI ásir balaları- sanlı áwlad. Olardı qağaz kitaplar menen ğana qızıqtırıw qıyın. Sonlıqtan sabaqta AKT imkaniyatların keń mániste qollanıw zaman talabı:

- **Interaktiv ekranlar hám animaciyalar:** Nota sızığında notalar basılğanda janıwarlar sesin shığarıwshı interaktiv túsindirmeler balalardı hayran qaldıradı.
- **Mobil qosımshalar menen islesiw:** Sabaqtıń bekkemlew bóliminde proektor arqalı **"Music Tutor"** yamasa **"Simply Piano"** sıyaqlı bağdarlamalardan kishi jarıslar ótkeriw múmkin. Ekrannan ushıp ótip atırğan notanıń atın tez tapqan oqıwshı ball jınaydı. Bul sabaqtıń dynamicasın 100% ke arttıradı.

**Metodikalıq usnıslar kompleksi.** Muzıka mádeniyatı páni oqıtıwshıları ushın nota sawatın tabıslı úyretıw boyınsha strategiyalıq usnıslar:

1. **Ritm hám bálentlikti úyretiw:** Dáslep balalardıń ritmikalıq sezimin (sherek hám segizlik notalardı) ápiwayı adımlar hám shapalaqlar menen rawajlandırıw, sońınan olarğa nota bálentligin qosıw kerek. Ekewin birden beriw balanı sharshatadı.

2. **Reńli notalar metodikası:** 1-2 klasslarda hár bir nota óziniń turaqlı reńine iye bolıwı shárt (**Do-qızıl, Re-sarı, Mi-jasıl h.t.b**.). Mektep partasına reńli nota qatarları jabıstırılıp qoyılsa, vizual yadtıń kúshi menen nota tez ózlestiriledi.

3. **Muzıkalıq diktantlardıń ápiwayı formaları:** Oqıtıwshı 3-4 notadan ibarat ápiwayı melodiyanı aytqanda, balalar kartochkalardan nota qatarın dúzip shıǵıwı, yaǵnıy "**Muzıkalıq Konstruktor**" **metodınan** paydalanıwı áhmiyetli.

**Baslawısh klasslarda nota sawatın úyretiw** — bul quramalı matematikalıq sheshimdi kórkemlik álemine kóshiriw menen teń process. Zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardıń keń mánistegi mánisi hám áhmiyeti: olar dástúriy bılımlendiriwdiń barlıq sheklewlerin buzıp, sabaqtı janlı hám emocionallıq processke aylandıradı.

Z.Koday, K.Orf metodları, didaktikalıq-ertek oyınları hám multimedia texnologiyalarınıń sintezleniwi balalarda tek ǵana nota tanıw kónlikpesin emes, bálki logikalıq oylaw, keńislikti seziw, motorika hám dıqqat turaqlılıǵın da birgelikte rawajlandırıw imkaniyatın beredi. Joqarıda kórsetilgen interaktiv jollar tiykarında shólkemlestirilgen muzıka sabaqları keleshekte oqıwshılardıń muzıkalıq mádeniyatın joqarı dárejege kóteriwdiń hám de bılımlendiriw sapasın táminlewdiń eń turaqlı bólimi bolıp xizmet etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Ismailov, A. *Baslawısh klasslarda muzıka oqıtıw metodikası*. Tashkent: Ózbekstan Milliy Enciklopediyası. 2021
2. Kodály, Z. *The Selected Writings of Zoltán Kodály*. London: Boosey & Hawkes. 1974
3. Orff, K., & Keetman, G. *Musik für Kinder (Music for Children)*. Mainz: Schott Music. 1950
4. Sharipova, G. *Muzıka oqıtıwda zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar*. Nókis: Bilim. 2019
5. Umarov, M. *Muzika sabaqlarında AKT hám interaktiv oyınlar*. Pedagogika jurnalı, No. 4, 45-51-b. 2023
6. Suzuki, S. *Nurtured by Love: The Classic Approach to Talent Education*. Princeton: Warner Bros. Publications. 1983
7. A.Omarova. *Maktablarda musiqa darslarida xorijiy ta'lim texnologiyalarini qo'llash usullari*. International scientific journal «MODERN SCIENCE AND RESEARCH» VOLUME 4/ISSUE 9 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ.
8. **https://doi.org/10.5281/zenodo.17069518**
9. A.Omarova. *Baslawısh klaslarda muzıka sabaǵında 4 K modeline baǵdarlawshı interaktiv metodlardı qollanıw usılları*. New Renaissance international scientific journal Research Bib IF-2023: 11.01/ ISSN: 3030-3753/Volume 2Issue 4 **https://doi.org/10.5281/zenodo.15204878**